



ENFÒMASYON FHA KONSÈNAN DEZAS



PREMYE PA - ENSKRI AK FEMA

Kou gen yon deklarasyon prezidansyèl pou yon dezaz, FEMA (Ajans Federal Pou Jesyon Ljans) pral mete an plas Sant Retablisman Apre Dezaz nan zòn ki afekte yo. Kapab gen asistans pou ou menm ak fanmi ou si apre nou fin enskri ak FEMA. Ou kapab enskri an pèsòn nan Sant Retablisman Apre Dezaz la oswa ou kapab enskri sou entènèt nan www.FEMA.gov oswa pa telefòn nan **800-621-3362**.

KONTAKTE KOTE OU TE PRETE A

Fè pretè a konnen yon dezaz te afekte ou. Bay yo nimewo dezaz FEMA a epi bay yo nouvo nimewo telefòn ou ak lòt enfòmasyon pou kontakte ou, si sa nesèsè. Pi bonè ou kontakte pretè ou, plis chwa w ap genyen nan asistans ki disponib. Mande si ou kalifye pou yo ranvwaye peman kay la pou yon ti tan pou w ka gen tan pou jere bagay yo. Anpil pretè ap anile frè pou reta epi yo pa ap mete move rapò sou ou bay biwo kredi nan moman sa a. Lè peryòd yo ranvwaye peman an fini, kontakte pretè ou ankò pou diskite ki plan ou genyen pou peye remèt lajan kay la. Menm si ou pa te gen okenn dega nan kay ou, gen posiblite pou pretè ou a ede ou si dezaz la te fè ou vin pa ka peye kay la; pa egzanp, si ou te pèdi travay ou nèt oswa pou yon ti tan, oswa si ou vin travay mwens akòz dezaz la.

KONTAKTE YON AJANS KONSÈY NAN ZAFÈ LOJMAN HUD APWOUVE

Menm ajans konsèy nan zafè lojman HUD apwouve ki kapab ba ou konsèy lè ou bezwen achte yon kay ak edikasyon sou zafè kay yo kapab ba ou konsèy sou kay ou achte a apre yon dezaz. Piga ou pran okenn desizyon sou kay kredi kay ou a oswa okenn lòt obligasyon avan ou pale ak yon konsèyè nan zafè kay epi li te ba ou konsèy legal, finansyè, ak sou taks. Konsèyè nan zafè kay yo kapab gide ou sou kat kredi, prè pou etidyan, al lòt dèt tou, epi yo gen lòt enfòmasyon ki kapab ede ou pandan w ap eseye kanpe sou pye ou. **Ou pa bezwen gen yon kredi ak FHA pou rankontre ak yon ajans konsèy nan zafè kay HUD apwouve epi pa janm gen yon frè pou konsèy pou anpeche yo sezi kay yon moun.** Pou jwenn yon ajans konsèy nan zafè kay tou pre ou, rele Zouti Pou Chèche Konsèyè Lojman Otomatize HUD la nan **1-800-569-4287** oswa rele **FHA** nan **1-800-Call FHA (800-225-5342)** oswa vizite www.hud.gov/fha.gov (w ap jwenn lyen pou Chèche Konsèyè a sou bò goch la).

SANT SÈVIS NASYONAL FHA A

Si ou gen yon kredi ak FHA, Sant Sèvis Nasyonal FHA a nan **1-877-622-8525 (TDD 1-877-833-5342)** kapab ede ou si ou gen nenpòt kesyon sou kredi ou a pretè FHA ou a pa kapab reponn oswa si ou gen kesyon oswa enkyetid sou pretè FHA ou prete nan men li a. Si ou pa gen yon kredi ak FHA, kontakte pretè ou a touswit, oswa kontakte yon konsèyè nan zafè kay.

LOJMAN TANPORÈ

Gen enfòmasyon sou lojman tanporè disponib nan diferan sous, tankou Sant Retablisman Apre Dezaz FEMA a, Ajans oswa Otorite Finans Lojman Eta ou a, otorite lojman minisipalite oswa konte ou a, Lakwawouj, Lamedisali, legliz ak kominote nan zòn ou a, ak lòt kote ki ofri asistans apre dezaz.

RAPÒ SOU KREDI

Ou kapab kontakte biwo nasyonal pou rapò sou kredi yo, Experian, Equifax ak TransUnion, pou mete yon deklarasyon sou rapò ou ki endike ou te viktim yo dezaz, oswa si pa vle gen aktivite ki pa apwopriye oswa ki pa kòrèk sou rapò kredi ou. Pou asistans, kontakte yon ajans konsèy sou zafè kay HUD apwouve. Selon lwa federal, ou gen dwa pou resevwa yon rapò kredi chak ane nan men chak nan twa (3) ajans sa yo - gratis. Pou mande rapò ou a, ale sou www.annualcreditreport.com.



PLIS ENFÒMASYON SOU ASISTANS APRE DEZAS



ASISTANS AK IPOTÈK POU PWOPRIYETÈ KAY YO

Kalite asistans ak ipotèk w ap kapab resevwa depann selon kalite kredi ou genyen an, kantite lajan w ap fè, si w ap travay, kondisyon kay ou, sa ou gen mwayen pou peye, ak lòt faktè. Kontakte pretè ou a pou detèmine ki chwa ou kapab kalifye pou yo. Anba a nou mete kèk opsyon pou moun ki gen kredi ak Administrasyon Lojman Federal (Federal Housing Administration, FHA). Moun ki gen kalite kredi sa yo (tankou kredi konvansyonèl, Administrasyon Veteran, USDA/Devlopman Riral, Otorite Lojman Eta, oswa lòt ipotèk) kapab ofri menm opsyon yo oswa lòt opsyon.

- **PLAN POU REPEYE AK PLAN EGZANPSYON:** yon kontra ekri ant ou menm avèk pretè ou a pou remèt kèk peman pandan yon peryòd.
- **MODIFIKASYON KREDI:** yon chanjman pèmanan nan youn oswa plis kondisyon kredi ou a.
- **REKLAMASYON PASYÈL:** kote pretè FHA a ba ou lajan davans pou regle peman kredi ki anreta kòm yon dezyèm ipotèk.
- **VANT A DEKOUVÈ (VANT AVAN YO SEZI KAY LA):** yon kontra ak pretè ou a kote ou kapab vann kay ou pou pi piti pase kantite ou dwa sou kay ou a.
- **TIT OLYE YO SEZI KAY LA:** yon kontra ak pretè ou a kote ou bay yo tit kay ou a.

VEYE MAGOUYÈ

Atansyon ak magouyè ki di yo pral ede ou oswa sove ou ak ipotèk kay ou a, ak lòt taktik ki pwofite sou moun. Evite moun ki di ou yo kapab ede ou ak kredi ou a oswa repare kay ou oswa lòt sèvis, epi ki mande pou w peye yon frè inisyal. Atansyon ak kontraktè ki pa gen lisans. Pa janm siyen anyen okenn bagay ou pa konprann. Poze kesyon epi mande konsèy avan ou pran nenpòt desizyon. Pou plis enfòmasyon, vizite www.HUD.gov, www.FEMA.gov oswa www.loanscamalert.com.

REKONSTRIKSYON, REPARASYON, DEPLASMAN

Kontakte Administrasyon Ti Komès (Small Business Administration, www.SBA.gov) pou asistans ak kredi pou [kay ak biznis](#). FHA ofri plizyè pwogram pou konsidere si ou deside rekonstwi, repare, oswa deplase:

- **FHA 203(h):** Si ou te achte oswa lwe yon kay, epi kay ou nan zòn ki te afekte a te tèlman detwi oswa domaje ou oblije rekonstwi li oswa deplase, gen posiblite pou ou kalifye pou prè ipotè **FHA 203(h)** la. 203(h) ofri finansman FHA 100% FHA (0% kòm premye peman) pou achte yon lòt kay nan vil ou a oswa nenpòt kote Ozetazini. Fòk moun k ap prete yo enskri ak FEMA epi satisfè lòt kondisyon.
- **FHA 203(k):** Pwodwi sa a pèmèt yon moun k ap achte yon kay oswa yon pwopriyete kay ki kalifye achte yon kay oswa refinanse yon kredi li deja genyen pou yon kay ak depans pou repare oswa amelyore kay la nan kantite l ap prete a. Itilize **FHA 203(k)** lè ou gen gwo reparasyon pou fè nan kay la epi yon **FHA Senplifye (k)** lè ou bezwen ti reparasyon ki koute yon total \$35,000 oswa pi piti. Epi tou, FHA ofri yon Ipotèk Efikas Pou Enèji (**Energy Efficient Mortgage, EEM**) pou reparasyon oswa amelyorasyon ki efikas pou enèji. Vizite www.hud.gov/fha oswa rele **1-800-Call FHA (800-225-5342)** pou plis enfòmasyon oswa rele yon pretè FHA apwouve.
- **Dezyèm Ipotèk FHA Tit I:** Sa a se yon dezyèm ipotèk pou amenajman ak reparasyon nan kay la, oswa amelyorasyon sit la. Maksimòm kantite kredi pou yon kay yon fanmi se \$25,000; \$25,090 pou yon kay ki fabrike sou yon fondasyon pèmanan; \$7,500 pou yon kay fabrike ki klasifye kòm yon pwopriyete prive.

KONTAKTE FHA: Pou jwenn plis enfòmasyon sou FHA ak pwogram FHA yo, tankou kote pou jwenn pretè FHA, limit prè FHA, ajans k ap bay konsèy nan zafè ojman ki apwouve ak asistans apre yon dezast, ale sou www.fha.gov, www.espanol.hud.gov oswa vizite **1-800-Call FHA (1-800-225-5342)**. 